



RICK SCOTT
GOVERNÈ

ELIZABETH DUDEK
SEKRETÈ

12 fevriye 2015

Chè Benefisyè Egzanpsyon:

Florida Medicaid ap voye bouyon plan tranzisyon tout eta a ak fason nou pral mete nouvo Sant Pou Sèvis Medicare ak Medicaid Nan Kay ak Kominote yo:

- Egzanpsyon Swen Kowòdone Swen Alontèm (FL.0962)
- Egzanpsyon Bidjè Pou Moun ak Andikap Devlopmanal (FL.0867)
- Egzanpsyon Disotonomi Familyal (FL.40205)
- Egzanpsyon Pwojè Swen SIDA (FL.0194)
- Egzanpsyon Chòk Nan Sèvo ak Chòk nan Epin Dòsal (FL.0342)
- Egzanpsyon Fibwoz Sistik (FL.0392)
- Egzanpsyon Modèl (FL.40166)
- Pwogram redireksyon (SPA13-013).

Nouvo règ sa yo garanti benefisyè egzanpsyon yo resevwa sèvis nan men pwofesyonèl swen sante ki:

- Travay ak yo pou kreye yon plan swen;
- Fè yo santi yo lakay yo si yo rete nan yon gwoup kay, sant pou asiste yo viv, oswa kay swen familyal pou adilt; epi
- Ede yo fè pati kominote a.

Nou t ap byen kontan resevwa remak piblik la sou plan tranzisyon nou pou tout eta a. Pou gade bouyon plan tranzisyon an, tanpri ale sou

http://ahca.myflorida.com/Medicaid/hcbs_waivers/index.shtml.

Ou kapab voye kòmantè ou sou bouyon plan tranzisyon an pa imèl kòmanse jedi 12 fevriye jiska vandredi 13 mas 2015 bay FLMedicaidWaivers@ahca.myflorida.com, oswa voye yo pa lapòs bay:

Agency for Health Care Administration
Attention: HCBS Waivers
2727 Mahan Driver, MS #20
Tallahassee, Florida 32308

Si ou genyen nenpòt kesyon tanpri kontakte Nicholas Warner nan nimewo (850) 412-4179 oswa imèl FLMedicaidWaivers@ahca.myflorida.com. Si ou genyen pwoblèm pou tandè oswa pale, tanpri kontakte ajans la ak Sèvis Relè Florida a, 1(800) 955-8771 (TDD) ou 1(800) 955-8770 (vwa).

Ak tout senserite,

Shevaun L. Harris, Responsab
Biwo Sèvis Medicaid

SLH/vh

